

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa moal leupas tina proses komunikasi, lantaran manusa perlu ngébréhkeun eusi haténa jeung nepikeun eusi pikiranana. Dina perkara éta, manusa merlukeun basa pikeun alat komunikasi. Basa téh ngandung maksud jeung tujuan nu mangrupa kedalan pikiran jeung perasaan, boh dina wangun lisan boh dina wangun tulisan. Ku lantaran kitu, basa téh boga kalungguhan anu kacida pentingna. Hal éta saluyu jeung pamadegan Wirakusumah jeung Djajawiguna anu nétélakeun yén basa téh alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora nu geus ditangukeun éntép-seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Sudaryat, 2004:5).

Salah sahiji wangun basa nu sipatna teu langsung nya éta sastra. Nurutkeun Iskandarwasid (2003:135) karya sastra téh mangrupa karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun basa. Istilah sastra ogé bisa dihartikeun titiron atawa gambaran kahirupan tina imajinasi kana wangun struktur-struktur basa. Sastra bisa ngawengku kaayaan situasi manusa kalawan teu leupas tina pangaruh perasaan, pikiran, jeung pangaweruh (Tarigan, 1993:3). Minangka karya seni, sastra téh salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan).

Nurutkeun Horace sastra téh ngandung fungsi *dulce et utile*, éndah sarta ngandung daya guna (Wellek jeung Warren, 1989:25). Éndah ngandung harti ajén éstétik nu patali jeung rasa, sedengkeun ngandung daya guna nya éta méré

mangpaat jeung pangaruh kana kahirupan. Lian ti éta, Poe nétélakeun yén sastra ogé ngandung fungsi *didactic heresy*, ngahibur sarta méré kasenangan (Wellek jeung Warren, 1989:25). Jadi sastra téh ngandung tilu fungsi nya éta *dulce, utile* jeung *didactic heresy*. Tilu fungsi ieu téh ngawangun hiji beungkeutan nu silih lengkepan.

Nilik kana, karya sastra téh aya tilu bagian: puisi, prosa, jeung drama. Dumasar kana gelarna, karya sastra Sunda téh aya nu kagolongkeun kana; 1) karya sastra buhun, saperti jangjawokan, sisindiran, pantun jsb. 2) karya sastra modéren atawa serepan, saperti sajak, novel, atawa roman (Sumarsono, 1986:3).

Minangka salah sahiji génre prosa, novel mangrupa prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa *plot*-na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu, wanda novel mah bisa midangkeun rupa-rupa tokoh, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi (Iskandarwassid, 2003:93).

Dina enas-enasna mah novél téh mangrupa produk sosial, dina harti hasil réka cipta sastrawan salaku anggota masarakat dina ngarékam gambaran kahirupan, minangka hiji kanyataan sosial nu ngawengku hubungan antara individu jeung individu, individu jeung masarakat, individu jeung lingkungan, individu jeung dirina sorangan.

Pikeun sawatara pangabutuh nu tangtu, karya sastra diaprésiasi masarakat ku cara nalungtik eusi, boh sacara umum boh sacara husus, lantaran ayana tujuan, kapentingan, jeung kasang tukang nu béda-béda. Teu saeutik disiplin élmu séjén di saluareun sastra nu ngaaprésiasi karya sastra, kalawan katangtuan-katangtuan

paélmuanana, salah sahijina nya éta élmu psikologi. Ratna (2009:342) nétélakeun yén élmu psikologi mangaruhan kana karya sastra.

Psikologi sastra boga tujuan pikeun ngaréngsékeun pasualan psikologi praktis dina nyangkem aspék-aspék nu aya dina karya sastra. Psikologi sastra ngaguar masalah nu aya patalina jeung unsur-unsur kajiwaan tokoh anu aya dina hiji karya (Ratna, 2009:343).

Nyurahan aspék-aspék psikologi dina karya sastra bisa ku cara neuleuman sawatara aliran psikologi, saperti psikoanalisis, behaviorisme, jeung humanistik. Dilarapkeunana psikologi humanistik dina ieu panalungtikan lantaran dianggap mampu neuleuman kana saniskara pangalaman jeung paripolah manusa kalawan gemet. Psikologi humanistik teu kauger ku kahéngkeran jiwa, anu ilaharna jadi puseur panitén psikologi, saperti psikologi psikoanalisis jeung béhaviorisme.

Aspék psikologi dina karya sastra ditalungtik tina kajadian-kajadian nu dialami ku para tokoh, tina kalimah-kalimah nu diucapkeun ku tokoh, atawa tina déskripsi jeung narasi pangarang dina téks. Pikeun nyangkem eusi karya, tangtu kudu maca téks, nganalisis, nalungtik kana puseur pasualan nu hayang dipaluruh.

Nu jadi objék dina ieu panalungtikan psikologi sastra nya éta novel *Déng* karya Godi Suwarna. Ieu novel dipilih dumasar tinimbangan: (1) ayana hubungan nu manteng, boh dina wanda basana boh dina wanda caritana; (2) ieu karya mangrupa karya *pembaharu* dina pajemuhan sastra Sunda; (3) *inkonvensional* dina wanda jeung caritana; jeung (4) boga karakter tokoh nu kuat.

Godi Suwarna téh salah sahiji pangarang jeung panyajak nu boga kalungguhan penting dina sastra Sunda. Godi nu lahir di Tasikmalaya, 23 Méi

1956, gedé di Kampung Cirikip, jeung kiwari netep di Ciamis. Mimiti daria ngarang puisi jeung prosa taun 1976. Godi minangka *pembaharu* pikeun kahirupan sastra Sunda, nyoba-nyoba kaluar tina konvénsi jeung nyiptakeun karya-karya nu anyar tur *eksperimental*. Ku ayana hal éta, sajak, carpon, jeung novelna tuluy meunang pangbagéa, malah loba nu ngarasa hélok lantaran logika nu dipakéna tibalik, jeung pola nulis karya sastra nu dirakrak sakarepna (Andriyansah, 2010:6).

Godi Suwarna sababaraha kali dilélér Hadiah Sastra LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda) jeung Hadiah Sastra *Manglé* pikeun sajak jeung carponna; sedengkeun bukuna dina winangun prosa di antarana kumpulan carpon *Murang-Maring* (1985), kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* (1995) dilélér Hadiah Sastra Rancagé taun 1996. Satuluyna *Sandékala* (2007) dilélér Hadiah Sastra Rancagé 2008, keur mangrupa naskah kénéh kungsi dilélér Hadiah Sastra D.K. Ardiwinata taun 1998. Novel *Déng* (2009) keur mangrupa naskahna ogé kungsi dilélér Hadiah Oeton Moehtar taun 2000 (Andriyansah, 2010:7).

Dina ulikan sastra Sunda, panalungtikan ngeunaan psikologi nu patali jeung karakteristik tokoh téh kungsi dilaksanakeun mangrupa skripsi (S1) nya éta “Sawangan Psikoanalisis kana Novel *Pangantén* Karya Dédén Abdul Azis” (Andriyani, 2005), “Aspék Psikologis Carpon *Situng Kalapa* Karya Iskandarwasid” (Hapitasari, 2005), jeung “Kajian Psikoanalisis dina Novel *Tempat Balabuh* Karya Aam Amilia” (Perdiwan, 2006).

Panalungtikan ngeunaan psikologi sakumaha nu geus ditétélakeun di luhur, mémang geus aya, tapi anu ditalungtik dina ieu novel mah béda

ambahanana, béda ogé objek anu ditalungtikna. Lian ti éta, panyusun kataji ku kaistiméwaan tokoh-tokoh dina novel *Déng* karya Godi Suwarna, nu imajinatif, boga karakter kuat, tepi ka bisa nungtun pamaca pikeun ngaaprésiasi kalawan gemet. Ku sabab kitu, panalungtikan nu dijudulan “Kajian Psikologi Humanistik kana Novel *Déng* Karya Godi Suwarna pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMA” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah Panalungtikan**

### **1.2.1 Watesan Masalah Panalungtikan**

Novél *Déng* karya Godi Suwarna téh ngandung sajumlah kaonjongan, salah sahijina bisa katitén tina tokoh-tokohna. Jiwa atawa batin tiap tokoh nalika adu hareupan jeung pasualan-pasualan kamanusaan, anu dikasangkutungan ku pasualan nu nimbulkeun deui pasualan anyar, bari diwuwuhan ku latar carita nu imajinatif. Hal éta mangaruhan jalan pikiran para tokoh, anu tangtu baris mangaruhan ogé kana jalan carita dina éta novel, tepi ka mangaruhan daya aprésiasi pamacana. Sacara teu langsung, novel téh mikabutuh galur nu diwangun ku tokoh sarta dideudeul ku latar carita nu kuat jeung istimewa, sangkan jadi karya nu ajeg tur jembar ajénna.

Sok sanajan novel téh hasil rékaan pangarangna, tapi éstu ngébréhkeun rupa-rupa kaayaan anu teu munasabah kaalaman dina kahirupan sabenerna, atawa bisa ogé karakter tokoh nu dipilih ku Godi Suwarna téh enya-nya meunang motrét tina kahirupan sabenerna. Jeungna deui, teu munasabah upama tokohna téh



campuran tina tokoh nu geus aya dina tradisi sastra, tina jalma-jalma nu ditiénan ku pangarangna, jeung tina diri pangarangna sorangan.

Ditilik tina udagan, jeung sangkan ieu panalungtikan langsung nohok kana udagan, masalah anu dipedar téh nya éta kaayaan tokoh anu nyampak dina téks novel *Déng* karya Godi Suwarna, ngagunakeun pamarekan psikologi humanistik. Sajaba ti éta, latar nu bisa mangaruhan jiwa para tokoh sarta galur nu diwangunna baris dipedar, saluyu jeung pangabutuh panalungtikan. Sabada kitu, hasil panalungtikan disusun sangkan bisa dijadikeun bahan ajar pikeun pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

### **1.2.2 Rumusan Masalah Panalungtikan**

Rumusan masalah anu rék dipedar dina ieu panalungtikan téh moal lega teuing, saluyu jeung watesan masalah nu geus disebutkeun tadi, anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha fakta carita (galur, latar, tokoh jeung penokohan) dina novel *Déng* karya Godi Suwarna téh?
- 2) Kumaha larapna psikologi humanistik kana tokoh-tokoh dina novel *Déng* karya Godi Suwarna téh?
- 3) Naha tokoh novel *Déng* téh bisa jadi bahan pangajaran pikeun aprésiasi sastra di tingkat SMA?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Saluyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan téh boga tujuan umum pikeun ngaguar aspék-aspék psikologi humanistik nu nyampak dina tokoh novel *Déng* karya Godi Suwarna, kalawan maluruh unsur-unsur pangdeudeulna, nya éta latar jeung galur carita novel.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun sawatara hal anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Ngadéskripsikeun fakta carita (galur, latar, tokoh jeung penokohan) dina novel *Déng* karya Godi Suwarna.
- 2) Ngalarapkeun kajian psikologis humanistik kana tokoh-tokoh dina novel *Déng* karya Godi Suwarna.
- 3) Mikanyaho saluyu henteuna tokoh-tokoh dina novel *Déng* dipaké bahan pangajaran apresiasi sastra di tingkat SMA.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Saban panalungtikan tangtu ngudag mangpaat, boh mangpaat pikeun panalungtik pribadi, boh mangpaat pikeun masarakat sastra, boh mangpaat pikeun masarakat umum. Mangpaat anu jadi udagan téh dirumuskeun jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun méré alternatif dina ngaaprésiasi karya sastra, hususna larapna élmu psikologi humanistik dina ngabaladah tokoh novel *Déng* karya Godi Suwarna.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktisna dipiharep sawatara hal, saperti anu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Bisa jadi sumber répérénsi keur mahasiswa basa jeung sastra, ogé akademisi sastra dina nalungtik sastra Sunda.
- 2) Bisa ngeuyeuban hasil panalungtikan sastra Sunda tur jadi dokuméntasi dina kamekaran sastra Sunda.
- 3) Bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan pikeun panalungtik.
- 4) Bisa jadi bahan pangajaran basa Sunda di SMA hususnya dina pangajaran aprésiasi sastra. Ku ayana déskripsi ngeunaan tokoh anu aya dina novel, dipiharep bahan ajarna bisa leuwih onjoy.

### 1.5 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, dina ieu panalungtikan aya sababaraha wangenan anu perlu ditétélakeun deui, utamana ngeunaan istilah-istilah nu aya patalina jeung panalungtikan, di antarana saperti nu ditétélakeun ieu di handap.



- 1) Tokoh nya éta individu anu ngalalakon dina hiji carita, dina novel atawa wangun sastra (prosa) lianna. Tokoh téh salah sahiji unsur anu penting, anu nangtukeun galur jeung konflik dina hiji carita.
- 2) Novél nya éta prosa rékaan anu biasana ngawujud lalakon. Ilaharna panjang, galur caritana ngarancabang, sarta merlukeun tokoh anu unik.
- 3) *Déng* nya éta judul novel karya Godi Suwarna anu dimedalkeun ku penerbit Puri Pustaka dina taun 2009, saméméhna, taun 2000 kungsi dileler hadiah sastra Oeton Moehtar.
- 4) Godi Suwarna sastrawan Sunda anu ngarang novel *Déng*. Sajak jeung carponna sababaraha kali dilélér Hadiah Sastra ti LBSS (Lembaga Basa jeung Sastra Sunda), Paguyuban Pasundan, majalah *Manglé jrrd*. Sawatara kali diulem maca sajak Sunda ka luar negri, saperti Jerman jeung Australia.
- 5) Psikologi sastra nya éta widang élmu jiwa anu ngulik jeung neuleuman karya sastra salaku objékna.
- 6) Psikologi humanistik nya éta pamarekan anu neuleuman saniskara pangalaman jeung paripolah manusa, nu museurkeun perhatian kana kaunikan, aktualisasi diri, sarta pangabutuh dasar manusa. Salah sahiji tokohna nya éta Abraham Marslow.
- 7) Bahan pangajaran nya éta sumber diajar pikeun siswa, atawa hal-hal anu miboga tujuan pikeun pangajaran.

- 8) Aprésiasi sastra nya éta neuleuman karya sastra, boh mangrupa téks anu langsung dibaca boh téks anu geus dirobah kana wangun séjén, saperti pagelaran drama.

### 1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, téori, atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan dina salah sahiji panalungtikan kalawan teu dipasualkeun deui bener-salahna. Dina prinsipna, éta hal téh bisa ditarima ku sakumna masarakat bari teu perlu diuji deui (Suyatna, 2007:7). Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan ébréh di antarana saperti nu ditétélakeun ieu di handap.

- 1) Novel *Déng* karya Godi Suwarna bisa dikaji tina jihat psikologi humanistik.
- 2) Nalungtik tokoh novel *Déng* karya Godi Suwarna tina tilikan psikologi humanistik mangrupa bagian tina aprésiasi sastra.
- 3) Novél *Déng* karya Godi Suwarna bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.